

# Reyinyon Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an

6 Novanm 2023

# 1. RSMPOC
# Akèy ak Oryantasyon

# Anrejistreman Reyinyon an

Sou demann manm kominote an, yo pral filme epi afiche evènman sa a sou sit entènèt Plan Estratejik Jeneral Roxbury an nan **bit.ly/theRSMPOC** pou moun ki pa kapab patisipe nan evènman an an dirèk sou Zoom.

Epi tou, li posib pou gen patisipan ki ap filme reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa lòt aparèy. Si ou pa swete yo filme w pandan reyinyon an, tanpri dezaktive mikwo w ak kamera w.

Si kamera oswa mikwo w dezaktive, ou kapab toujou patisipe atravè fonksyonalite tchat tèks la.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Spanish” –pou Panyòl
“Haitian Creole” –pou Kreyòl Ayisyen
“English” – for Anglè
“Cape Verdean Creole” - Kreyòl Kapvè



# Konsèy pou aplikasyon Zoom la

Byenveni ! Men kèk konsèy sou kijan pou itilize Zoom pou moun ki fenk ap itilize l yo.

Kontwòl ou yo afiche nan pati anba ekran an




Itilize fonksyonalite tchat la pou ekri yon kòmantè oswa poze yon kesyon nenpòt lè w vle fè sa –
Manm RSMPOC/ BPDA yo pral anime tchat la




Pou w kapab leve men w, klike sou "Participants" (Patisipan) ki nan pati anba ekran w lan, epi apre sa chwazi opsyon "Raise hand" (Leve Men) nan espas patisipan an, oswa peze *9 sou telefòn ou




Mete sou silans/Retire sou silans – Opsyon sa ap mete patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an – animatè an pral retire w sou silans pandan konvèsasyon an si ou leve men w epi si
se tou pa w pou w pale. Pou w kapab mete oswa retire sou silans, peze *6 sou telefòn ou an.




Aktive/Dezaktive opsyon videyo ou an

boston planning & development agency

# Règleman Zoom Yo

Nou vle asire nou konvèsasyon sa reprezante yon eksperyans lajwa pou tout patisipan yo.

- Tanpri toujou rete sou silans toutotan yo pa site non w. Si ou ta renmen pale pandan moman sa a, tanpri itilize fonksyon "Raise Hand" (Leve Men) an nan Zoom pou yon animatè BPDA kapab retire patisipan yo sou silans.
- Tanpri toujou respekte tan youn lòt.
- Nou mande pou patisipan yo limite kantite kesyon yo pou lòt patisipan kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun k ap patisipe yo gen opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa kapab reponn kesyon ou an nan reyinyon an, tanpri mete yo nan espas Tchat la lè tout bagay fini oswa voye yo nan imèl jamarhl.crawford@boston.gov.

# Help us improve the Article 80 Development Review Process

**We want to hear from you!** Share your thoughts, feedback, and experience with us about the current Article 80 process.

Our Goal: Create a predictable and transparent process for our City's growth that builds trust with communities.

Scan the barcode or follow the link to participate in a brief survey.

Learn more here:
https://bit.ly/improvingA80

**Scan code for survey**

**Follow link for survey**

https://bit.ly/A80survey

boston planning & development agency

# Ajannda

1. **Byenvini nan RSMPOC**

# Apèsi ak Mizajou sou RSMPOC

## *Premye lendi nan mwa a*

**9 janvye 2023**

**6 fevriye 2023**

**6 mas 2023**

**3 avril 2023**

**1 mas 2023**

**5 jen 2023**

**10 jiyè 2023**

**Pa gen reyinyon nan mwa out la**

**11 septanm 2023**

**2 oktòb 2023**

**6 novanm 2023**

**Pa gen reyinyon nan mwa desanm lan**

# Responsabilite RSMPOC yo

- Yo te kreye Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan Oversight Committee, RSMPOC) nan lane 2004 epi se rezilta Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan, RSMP).
- RSMPOC an se yon reprezantan global katye Roxbury an epi li li genyen ladan li moun Majistra a nonmen, moun eli yo chwazi, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè.
- RSMPOC an sipèvize aplikasyon Plan Estratejik Jeneral Roxbury an ak PLAN: Nubian Square.

# Vin yon manm. Patisipe. Aji.

- **Vin yon manm:** Vin yon manm nan Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an, ak/oswa yon Komite Verifikasyon Pwojè (Project Review Committee, PRC).

- **Patisipe:** Ale patisipe nan reyinyon piblik. Poze kesyon. Envite vwazen yo, gwoup ak òganizasyon sivik Roxbury yo, biznis yo, pwopriyetè ann zòn lan oswa lòt reprezantan nan kominote an nan reyinyon piblik yo.

- **Aji:** Verifye epi kòmante sou pwojè yo, devlòpman yo ak inisyativ planifikasyon an.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon ki gen pou fèt yo, pwojè devlòpman yo epi sou kijan pou patisipe, ale sou bit.ly/theRSMPOC**

# Objektif Plan Jeneral Orijinal

- Asire **yon lavi sivik ak kiltirèl** nan katye a
- Fè pwomosyon **devlòpman divès ak dirab** gras ak travay pou rezidan lokal yo
- Asire yon **transpò piblik ak prive ki sekiritè epi pratik.**
- Agrandi epi amelyore **lojman pou yon varyete** gwoup sosyo-ekonomik ak gwoup laj
- Kreye yon **espas piblik ki konfòtab, vivan epi sekiritè** ki demontre divèsite rezidan lokal yo.
- Amelyore **patisipasyon** ak **otonomi nan kominote an** atravè responsabilite gouvènman an, enstitisyon yo ak biznis yo ki ap pi plis

Sous : Roxbury Strategic Master Plan, p.4

# *Biwo Pwomosyon Gason Nwa (Office of Black Male Advancement)*

# MISYON NOU

Office of Black Male Advancement ap fè efò pou amelyore rezilta yo epi redwi baryè sistemik pou avansman gason ak ti gason Nwa k ap viv nan Boston. Biwo nou an ap travay pou bay gason ak ti gason Nwa yo pouvwa. Nou vle asire n yo gen yon aksè ekitab nan opòtinite nan vil la ap ofri yo. Nan kad travay nou, nou konsantre nou sou politik yo, sou pwogram yo, sou resous yo, ak sou patenarya lokal ak nasyonal yo.

Objektif nou se asire nou gason ak ti gason Nwa yo gen sipò k ap pèmèt yo epanouyi epi patisipe nan pwosperite Vil nou an.

# Objektif Nou

- Fasilite reyinyon Komisyon Gason ak Ti gason Nwa yo.
- Fè konnen rapò sou Sitiyasyon Gason ak Ti gason Nwa nan Boston.
- Ede gason Nwa yo jwenn aksè nan pwogram, sèvis ak enfòmasyon enpòtan yo.
- Mete òganizasyon k ap sèvi gason Nwa yo an relasyon ak resous yo, pou pi byen sèvi elektè yo.
- Fè konnen resous enpòtan yo nan kominote gason Nwa a.
- Sipòte gouvènman minisipal, etatik ak federal yo, òganizasyon kominotè yo ak sektè prive a pou yo sèvi rezidan maskilen Nwa nou yo yon fason ki pi ekitab.
- Enfòme rezidan Boston yo sou pwogram Black Men and Boys Commission ak Black Male Advancement yo.
- Siveye epi konseye ajans yo ak depatman ki nan vil la sou pwoblèm ki gen rapò ak gason epi ak ti gason Nwa yo
- Konsepsyon pwojè ak pwogram ki ankouraje ekite pou gason ak ti gason Nwa yo kote ajans minisipal ki egziste deja yo p ap aplike aktyèlman.
- Asire sansibilizasyon, kominikasyon ak lyezon ak gason epi ak ti gason Nwa nan kad gwoup ak òganizasyon kominotè yo.
- Kowòdone dyalòg ak aksyon nan non gouvènman vil la sou kesyon ki konsène gason ak ti gason Nwa yo ak òganizasyon konèks yo.

# PRIYORITE NOU YO

- Opòtinite Ekonomik ak Otonomizasyon Travayè yo
- Sante Piblik ak Byennèt ak Patènite ak Fanmi
- Edikasyon ak Pwomosyon Jèn
- Lojman Abòdab ak Aksè pou vin Pwopriyetè Kay
- Sekirite Kominotè ak Retou Sitwayen yo
- Ekite ak Jistis Rasyal

# Pwogram nou yo

- Komisyon Gason ak Ti gason Nwa yo: Komisyon Gason ak Ti Gason Nwa ki gen 21 manm ede konseye Majistra a ak Vil Boston an sou kesyon ki gen rapò ak gason epi ak ti gason Nwa yo. Komisyon an konpoze de 21 manm kominote ki gen ekspètiz, eksperyans oswa konesans sou pwoblèm gason ak ti gason Nwa yo ap fè fas nan Boston.
- My Brother's Keeper Boston: Pwogram My Brother's Keeper (MBK) Boston nan te kreye nan patenarya ak Obama Foundation ak Vil Boston, kòm chapit ofisyèl Boston nan Alyans Nasyonal MBK a. Misyon pwogram nan se demonte baryè sosyete, ekonomi, ak edikasyon ki anpeche avansman jèn gason Nwa yo nan Boston. MBK Boston vize abòde defi sa yo atravè konsantrasyon politik, resous ak patenarya yo.  MBK Boston fè patenarya ak òganizasyon kominotè lokal yo, lekòl BPS, òganizasyon ki pa gen objektif pou fè lajan ak Kolèj epi inivèsite k ap okipe ti gason nwa (ki gen laj 8-24) nan Boston, epi konsantre sou etap Alyans Nasyonal MBK yo.
- Project Opportunity: Project Opportunity se yon pwogram ki vize pou kreye opòtinite ekitab pou rezidan Boston ki gen CORI yo. Pwogram nan (1) konekte rezidan yo ak konsiltasyon jiridik gratis pou sele oswa efase kazye jidisyè yo; (2) òganize deba ekspè pou abòde defi ak solisyon pou rezidan ki gen CORI yo; (3) konekte rezidan yo ak opòtinite travay ak fòmasyon; (4) konekte rezidan yo ak resous kle pou byennèt; epi (5) fòme depatman vil yo pou satisfè bezwen rezidan ki gen CORI yo.
- Black Men Lead Boston: Black Men Lead Boston se yon pwogram pou Gason Nwa nan Boston ki vle enplike yo plis nan lavi sivik epi vin lidè nan kominote a. Pwogram nan se yon kou k ap dire plizyè semèn pou Gason Nwa ki abite nan Boston, li bay patisipan yo okazyon pou yo aprann ki jan pou yo navige efikasman nan administrasyon lokal yo.
- Young Black Leaders Boston: Young Black Leaders Boston se yon pwogram pou ti Gason Nwa nan Boston ki vle enplike yo plis nan lavi sivik epi vin lidè nan kominote a. Pwogram nan se yon kou k ap dire plizyè semèn pou Gason Nwa ki abite nan Boston, li bay patisipan yo okazyon pou yo aprann ki jan pou yo navige efikasman nan administrasyon lokal yo.

# Rapò nou yo

- Eta Gason Nwa yo nan Boston: Office of Black Male Advancement an patenarya ak Boston Planning and Development Agency (BPDA)te kreye rapò konplè sa a Divizyon Rechèch. Pandan l ap sèvi ak done ki rasanble nan yon kantite sous diferan ki revize pa pè yo, rapò a gen entansyon ede gide efò Biwo a pou atake yon nan yon fason adekwat, baryè sistemik nan avansman Gason Nwa nan Boston yo.

## Done Demografik

- Boston gen anviwon 90,000 Gason Nwa k ap viv ladan l.
- 25% nan Gason Nwa yo se timoun ki gen pi piti pase 18 lane.
- Rezidan gason nwa yo reprezante nan chak katye nan Boston, ak yon pi gwo konsantrasyon ki abite nan Roxbury, Dorchester, Mattapan ak Hyde Park.
- Peyi ki gen pi gwo kantite gason ki fèt aletranje se Ayiti, Jamayik ak Kapvè.

# Rekòmandasyon nou yo nan kad Politik Lojman yo

- **Ogmante chemen ki mennen nan richès jenerasyonèl yo gras ak aksè nan opòtinite pou vin pwopriyetè kay a pri abòdab pou moun k ap achte kay pou premye fwa nan Boston.**
- **Inisyativ Pwodiksyon Lojman Abòdab pou moun Nwa:** "Bay sibvansyon ki baze sou mache pou sipòte konstriksyon nouvo opòtinite pou travayè yo gen kay rezidansyèl, bay priyorite ak ekip ki gen patenarya ak devlopè nwa yo." Devlopè nwa yo ka pa gen ase kapasite finansye, valè nèt, ak lajan likid pou mennen an byen gwo pwojè yo jis rive nan premye kloti finansye a ak sipòte pakèt garanti yo bezwen pou yo patisipe nan domèn byen imobilye a.
- **Pwogram Asistans pou Pèman Akont:** Se yon zouti efikas pou pèmèt fanmi Nwa yo vin pwopriyetè kay, ede diminye pèman ipotèk chak mwa epi ogmante plis resous pou prè ipotekè pou fanmi Nwa yo.
- **Sipòte Pwogram Amelyorasyon Kredi yo:** Soutni pwogram ki pa sèlman bay edikasyon finansye, sepandan, konsidere pwogram ki bay prè pou bati kredi pou peye dèt sou fòm sibvansyon. Ak prè kapitalizasyon yo, ou fè pèman fiks bay yon kreditè epi Lè sa a, w ap jwenn aksè ak kantite lajan prè a nan fen peryòd prè a.

# Anons

· Fon Ti Sibvansyon pou Otonomi Kominote yo: Fon an pèmèt òganizasyon kominotè k ap sèvi kominote gason Nwa nan Boston yo resevwa finansman pou pwogram ki pwouve oswa ki pwomèt, ki pataje valè fondamantal nou yo epi ki byen aliyen ak estrateji, objektif ak apwòch nou yo pou apwofondi enpak yo oswa fè travay yo pase nan echèl la.

· Enstiti pou Ranfòsman Kapasite òganizasyon ki pa gen objektif pou fè lajan yo: Enstiti pou ranfòsman kapasite a bay Òganizasyon Kominotè ki baze sou asistans teknik ki pataje valè fondamantal nou yo epi ki byen aliyen ak estrateji, objektif ak apwòch nou yo pou apwofondi enpak yo oswa fè travay yo pase nan echèl la. Enstiti a bay solisyon pou ranfòse kapasite òganizasyon ki pa gen objektif pou fè lajan yo, atravè yon konbinezon antrènman endividyèl 1:1, aprantisaj ant kamarad, rekòlte lajan, gouvènans, jesyon konsèy administrasyon, rakonte istwa ak soutyen pou konfòmite.

· R.E.A.C.H. 1000: BMA ap travay an patenarya ak BPS pou konekte jèn yo ak yon rezo moun ak òganizasyon k ap sèvi yo kòm (mantò) konseye. Pou sipòte premye faz pwogram sa a, BMA ap chèche rekrite 1,000 konseye adilt pandan de ane k ap vini yo pou konekte etidyan BPS k ap patisipe yo. Nan kad R.E.A.C.H. 1000 la, lekòl yo ak benefisyè yo ap gen aksè a pwogram ak opòtinite aprantisaj sa yo: Etid nwa atravè yon doub enskripsyon; edikasyon finansye; alfabetizasyon nan lekti, alfabetizasyon nimerik; pakou inivèsitè ak pwofesyonèl; ak Generational Talent Small Grant. Benefisyè yo ap gen yon opòtinite pou yo patisipe nan yon Laboratwa Opòtinite, ki fèt pou granmoun aje Nwa BPS yo. Laboratwa a ap ofri bousye yo sipò teknik nan nivo ekspè pou pwojè pòs-segondè yo, tankou ansèyman siperyè ak karyè.

# Ekip Nou An

- Frank Farrow, Direktè Egzekitif
- Donte Peeples, Responsab Angajman Kominotè
- Jeysaun Gant, Responsab pwogram My Brother's Keeper
- Elijah Richards, Responsab Devlopman Resous yo
- Branden Miles, Responsab Règleman ak Rechèch
- Madrey Goode, Chèf Ekip

# Kontak

bma@boston.gov

617-635-4708

# MÈSI

boston planning &
development agency

# Introduction to Squares + Streets



# 1

# Squares + Streets Overview

# Overview

Squares + Streets, a new planning and zoning initiative that will focus on housing, public space, arts and culture, and transit in neighborhood centers and along main streets.




boston planning & development agency

# Squares + Streets Values and Goals

## Expand Affordability

+ Facilitate growth in **mixed use zones** on neighborhood centers

+ **Reduce** resident transportation **spending**

+ Incentivize affordable **housing opportunities**

## Promote Resilience

+ Promote **transit-oriented development**

+ Reduce vehicle dependence

+ Strengthen small **business ecosystems**

## Advance Equity

+ **Expand access** to neighborhoods with rich transit

+ Open **investment pathways** for a wider range of property owners

+ **Spread** public and private **investment**

boston planning & development agency

# 2

# Squares + Streets Plans

# Squares + Streets Planning Process



# Small and Specific Areas

**Boston's Neighborhood Commercial Centers**

- Areas within 5-10 min walk of major transportation assets
- Existing activity hubs
  - Main Streets districts
  - Major civic anchors
  - Streets with clusters of existing commercial uses



# Focused 6-9 Month Process

| | | |
|---|---|---|
| MONTH 1 | LISTEN & SET GOALS | Connect with residents and businesses to set specific goals for the Small Area Plan |
| MONTH 2 – 3 | DEVELOP IDEAS | Collaborate across City departments to generate ideas and implementation options that respond to the goal-setting phase |
| MONTH 4 – 5 | REVIEW & REFINE IDEAS | Workshop ideas with residents and businesses |
| MONTH 6 | FINALIZE PLAN | Finalize and publish the plan |
| MONTH 7 - 9 | TAKE ACTION | Begin implementation of early actions across City departments |

# Action Oriented Plans



- **Partnerships** with other **City of Boston departments** to align planning with implementation pathways **that are achievable within 10 years:**
    - Programs and funding to promote and preserve small businesses, affordable housing, and arts and culture
    - Public space projects to address transportation, climate change, etc.
    - Plans for city-owned parcels
- Updated zoning to support housing and healthy business districts




boston planning &
development agency

# 3

# Zoning Reform

# Why do Squares + Streets need updated Zoning?

- **Diversify amenities** and uses in neighborhood centers to meet local needs
- **Reduce regulatory obstacles** for active uses and local businesses
- Set design and development standards that **support more housing options**
- **Ensure sustainable design** and green building standards
- Make the **zoning process** more **predictable, transparent, and accessible**



boston planning & development agency

# Creating Squares + Streets Zoning Districts Goals

Create zoning districts and their regulations for the various types of Squares + Streets areas




Create housing growth opportunities



Permit a mix of building uses and heights



Encourage active streets



boston planning & development agency

# Creating Squares + Streets Zoning Districts Timeline

| | |
|---|---|
| OCT-NOV | DRAFTING PERIOD |
| NOV-DEC | PUBLIC COMMENT PERIOD |
| DEC-JAN | ZONING ADOPTION PERIOD |
| FUTURE | MAPPING THE LOCATION OF ZONING DISTRICTS AFTER PLANNING PROCESSES |

boston planning & development agency

# 4

# Design Vision

# Boston Design Vision







boston planning & development agency